



# Sant Jistis Familyal NYC yo

Poutèt COVID-19, Sant yo disponib kounye a pa telefòn sèlman.

Jwenn èd gratis ak konfidansyèl pou viktim vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks.

- Rele Sant Jistis Familyal Vil New York la nan misipalite kote ou abite a (oswa youn kote ou santi ou plis ansekirite) pou jwenn koneksyon pou èd gratis ak konfidansyèl pou viktim vyolans kay ak viktim vyolans ki baze sou sèks. Tout Sant yo disponib nan telefòn lendi jiska vandredi, ant 9 a.m. ak 5 p.m.
- Rele pou yo mete ou an kontak touswit ak planifikasyon pou sekirite, èd pou chèltè, ak lòt sipò ak resous—24 trè sou 24, 7 jou sou 7:  
Liy Dirèk pou Vyolans nan Kay ak Agresyon Seksyèl an Vil New York  
1-800-621-4673 (HOPE).
- Jwen resous ak sipò nan Vil New York lè ou chèche nan Anyè Resous NYC HOPE la nan [www.nyc.gov/NYCHOPE](http://www.nyc.gov/NYCHOPE)

## Sant Jistis Familyal NYC yo ka ede ou ak:

- Planifikasyon pou sekirite ou
- Sèvis sante mantal ak konsèy pou soutni byennèt emosyonèl pou oumenm ak pitit ou yo
- Referans nan pwogram edikasyon, sa gen ladan atelye pou ede pou fè bidjè, repare kredi, ak pou klas Anglè kòm Dezyèm Lang (English as a Second Language, ESL)
- Rankontre avèk responsab aplikasyon lalwa kalifye tankou NYPD, Biwo Sherif NYC, ak Biwo Pwokirè Distri a
- Aplike pou chèltè, lojman ak lòt sèvis sipò
- Enfòmasyon sou avantaj piblik ak pwogram fòmasyon pou travay, sa gen ladan èd pou ekri CV ak teknik pou entèvyou
- Konsiltasyon jiridik pou lòd pwoteksyon, gad, vizit, sipò timoun, divòs, lojman ak imigrasyon  
\*\* Reprezantasyon jiridik pa garanti
- Gadri pou timoun ki gen plis pase 3 lane pandan ou ap resevwa sèvis sou plas

Tout sèvis yo volontè.  
Ou ka chwazi sèvis ou vle yo.

Biwo Majistra Vil New York pou Elimine Vyolans nan Kay ak Vyolans ki baze sou Sèks (Mayor's Office to End Domestic and Gender-Based Violence, ENDGBV) prepare règleman ak pwogram, li bay fòmasyon ak edikasyon pou prevansyon, li fè rechèch ak evalyasyon, li fè sensibilizasyon nan kominate a, epi li kolabore avèk divès kominate ak pati konsène yo nan kominate a pou ogmante konsyantizasyon sou vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks. ENDGBV jere Sant Jistis Familyal Vil New York yo, sant sèvis ki ofri sèvis sosyal ki enpòtan anpil, èd nan zafè jistis sivil ak penal, ak plis toujou—yo tout nan yon sèl kote. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan [www.nyc.gov/ENDGBV](http://www.nyc.gov/ENDGBV)

Nan nenpòt Sant Jistis Familyal Vil New York, reskape vyolans nan kay ak vyolans ki baze sou sèks ansanm ak timoun pa yo ka jwenn koneksyon nan òganizasyon ki ofri jesyon ka, otonomizasyon ekonomik, konsèy, èd pou jistis sivil ak jistis penal.

## Sant yo ofri èd gratis, konfidansyèl pou moun ki gen nenpòt:

Laj

Sitiyasyon  
Imigrasyon

Oryantasyon  
seksyèl

Revni

Lang li pale

Idantite  
seksyèl

Andikap

**Poutèt COVID-19, Sant Jistis Familyal NYC**

**yo disponib kounye a pa telefòn sèlman.**

**Tanpri rele nan lendi a vandredi, ant 9 a.m. ak 5 p.m.**

**Sant Jistis Familyal NYC, Manhattan**  
**(212) 602-2800**

**Sant Jistis Familyal NYC, Brooklyn**  
**(718) 250-5113**

**Sant Jistis Familyal NYC, Queens**  
**(718) 575-4545**

**Sant Jistis Familyal NYC, Bronx**  
**(718) 508-1220**

**Sant Jistis Familyal NYC, Staten Island**  
**(718) 697-4300**



Sèvis entèpretasyon nan  
telefòn disponib nan plis  
pase 240 lang.



**Mayor's Office to  
End Domestic and  
Gender-Based Violence**

Awareness. Help. Hope.

Si ou an danje touswit, rele 911.  
Si ou pa ka pale, tèks 911.  
Jwenn Plis Enfòmasyon: [nyc.gov/text911](http://nyc.gov/text911)